



# AKADEMI KREYOL AYISYEN (AKA)



Republik Ayiti

**Selebrasyon mwa lang ak kilti kreyòl, Oktòb 2021**

**Mesaj Akademi Kreyòl Ayisen (AKA)**

**Lansman mwa Lang ak Kilti kreyòl, Jedi 7 oktòb 2021**

**“Lang Kreyòl tout kote, san fòskote !”** se tèm sila a Akademi Kreyòl Ayisen chwazi pou selebrasyon mwa lang ak kilti ane a. AKA envite tout enstitisyon nan peyi a ak nan dyaspora a kreye yon espas pandan mwa kreyòl la pou yo reflechi sou vizyon tèm nan charye. “Lang Kreyòl tout kote san fòskote !”, se vizyon yon Ayiti ki kreye kondisyon nesesè pou lang tout Ayisen pale a preznan tout kote toutbonvre. “Lang Kreyòl tout kote san fòskote !” se vizyon yon Ayiti ki dakò lang kreyòl la gen plas li tout kote nan lavi sosyete a san diskriminasyon.

Li difisil pou evennman sosyopolitik ki make dènye mwa sa yo pa simen dout ak enkyetid nan lespri popilasyon ayisen an. Kriz politik tribòbabò, depòtasyon, ensekirite, ratman gaz nan ponp, lavichè.. se lo traka ak boulvès sitwayen ayisen ap viv depi kèk mwa. Anpil enstitisyon nan peyi a twouve yo nan yon sitiayson kote yo blije toujou ap remanyen ajannda aktivite yo. Akademi Kreyòl Ayisen pa yon eksepsyón. Se menmman parèyman. Men, Akademi Kreyòl Ayisen vle koutkekout kontinye poze bonjan aksyon ki ale nan sans misyon manman Lwa peyi a ak Iwa kreyasyon li konfye li. Konsa, Akademi Kreyòl Ayisen ap lanse selebrasyon mwa Lang ak Kilti Kreyòl pou ane 2021 an.

Devlòpman ak pwogrè yon sosyete pa rezulta yon kout chans. Se yon operasyon rasyonèl, byen reflechi, ki chita sou valorizasyon moun ak resous tout kalite ki donnen nan sosyete a sitou eritaj zansèt yo mouri kite pou nou. Valorize moun vle di asire entegrasyon sosyal chak sitwayen san fèmen je sou idantite 1, sou kilti li, sou lang li. Lang kreyòl la se kolòn vêtebral idantite nou kòm pèp. Neglige lang kreyòl nan lekòl, nan inivèsite, nan enstitisyon yo ak lòt espas pwodiksyon konesans se travay kont devlòpman lang kreyòl la, se limite aksyon lang nan domèn syantifik. Pandan tout gwo espè admèt devlòpman yon lang, nan kèlkeswa domèn lakonesans, depann de moun k ap pwodui nan lang lan, enstitisyon peyi a pa louvri pòt pwodiksyon toutbonvre bay lang kreyòl. Si jounen jodi a gen lang ki anvayi matematik, filozofi, fizik, sosyoloji, se paske moun ki pale lang sa yo deside transmèt sa yo konnen nan lang sa yo.

Nan okazyon selebrasyon mwa lang ak kilti kreyòl 2021 an, Akademi Kreyòl Ayisen ap voye yon mesaj espesyal bay tout Anbasad ak Reprezantasyon diplomatik Ayiti nan lòt peyi. Akademi an ap ankouraje enstitisyon sa yo kreye plis espas pou lang kreyòl nan dokiman ofisyèl ak dokiman administratif yo.

Jan nou te gentan bwose 1 pi wo a, kontèks n ap viv koulye a espesyal nonsèlman akoz pandemi kowonaviris la, men tou akoz konjonti sosyopolitik la ki vin mete abse sou klou. Pou sa, Akademi Kreyòl Ayisen an moute yon pwogramasyon sou de (2) fòm (an prezans / sou entènèt) pou aktivite selebrasyon an ka rive touche yon maksimòm moun. Ane sa a, Akademi an rive kreye yon plas ki pi laj pou dyaspora a, kote plizyè òganizasyon kreyolis k ap evolye deyò peyi a ap gen patisipasyon espesyal nan egzekisyon kalandriye ofisyèl mwa kreyòl la. Depi nan inogirasyon li nan lane 2014, Akademi an pa sispann klèwonnen lang kreyòl dwe okipe plis plas nan tout nivo ansèyman. Pandan gen lekòl k ap fè wondonmon, nou konstate gen plizyè lòt ki chwazi kreyòl kòm prensipal lang ansèyman. Pou mwa kreyòl sa a, Akademi Kreyòl Ayisen chwazi limen pwojektè li sou kèk nan lekòl sa yo ki konprann lang matènèl se pi bon zouti pou moun aprann. AKA ap ofri yo yon espas nan kalandriye selebrasyon an pou yo prezante travay yo ap fè ak rezulta yo jwenn.

Konsa, si nou vle fòme sitwayen ayisen responsab, ki valorize idantite li, lang kreyòl se zouti ki pi efikas pou travay sa a pou sitwayen an aprann renmen tèt li, renmen kilti li, renmen lang li, pou li jwenn tout sèvis li bezwen nan lang li. AKA mande pou Lang kreyòl tout kote san fòskote. Lekòl, Inivèsite, Klèb literè, Asosyasyon kiltirèl, Enstitisyon Leta kou Enstitisyon prive. Akademi Kreyòl Ayisen envite tout Administrasyon peyi a pou yo òganize aktivite ak espas refleksyon pou yo selebre lang ak kilti peyi a.

**Viv Ayiti ! Viv lang kreyòl !**

**Bon mwa kreyòl pou tout Ayisen !**

**Bon mwa kreyòl pou tout kominate ki pale kreyòl nan monn nan !**